

Kont Bousdetid NYC ki gen lajan sou li pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl!



Tout elèv ki nan jadendanfan jiska klas katriyèm ane ki enskri nan lekòl leta Vil Nouyòk yo, ansanm ak lekòl endepandan (charter schools) k ap patisipe yo, kapab patisipe nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) NYC Kids RISE la!* Eitati revni ak imigrasyon fanmi an pa afekte elijibilite yo. Elèv ki elijib yo enskri otomatikman sof si paran oswa responsab legal yo chwazi pou yo pa patisipe.

Elèv yo resevwa yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) gratis ki gen \$100 alokasyon inisyal sou li. Gen posibilite pou jwenn plis lajan pou kont pitit ou a alavni. Òganizasyon, biznis, ansanm ak vwazen yo kapab depoze lajan sou Kont Bousdetid NYC gwoup elèv yo atravè Bousdetid Kominotè.

Paran ak responsab legal ki gen timoun nan jadendanfan, ansanm ak lòt elèv ki elijib ki fèk antre nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a pandan ane lekòl sa a, pral kapab aktive epi afiche Kont Bousdetid NYC pitit yo apati mwa **Janvye 2026** la. Lè w aktive Kont Bousdetid NYC pitit ou a, ou pral resevwa premye rekonzans siplemantè \$25 w la!

Lajan ki sou kont sa a ka sèvi pou divès kalite depans ki lye ak inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl tankou frè eskolarite, frè, ansanm ak manyèl eskolè. Pou Kont Bousdetid NYC pitit ou a:

- Ou pa bezwen depoze lajan
- Ou p ap gen pou w bay yon Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN), yon Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN), enfòmasyon kont labank ou ni kat kredi w

Jwenn plis enfòmasyon:

- Pale ak lekòl pitit ou a
- Rele liy asistans telefonik NYC Kids RISE la nan 833-543-7473 pou w jwenn enfòmasyon yo nan pwòp lang ou.
- Voye yon imèl bay info@nyckidsrise.org

Ale sou sitwèb nou an:



nyckr.org/about-SFCP

NYC Kids RISE jere Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a nan patenarya avèk Lekòl Leta Vil Nouyòk yo ak Vil New York la.

*Tout elèv ki nan jadendanfan jiska klas senkyèm ane nan 39 lekòl pilòt nan rejyon jeografik Distri 30 yo elijib pou yo patisipe.